**РЕЗЮМЕ.** Мақолада кутубхона-ахборот соҳасини бошқариш усулларини такомиллаштиришнинг аҳамияти ҳақида сўз юритилади. Бугунги кунда кутубхона-ахборот соҳасини бошқаришда замонавий инновацион усулларни амалиётда қўллаш, самарадор фаолият олиб бораётган кутубхона-ахборот муассасаларининг тажрибаларини ўрганиш бўйича фикр-мулоҳазалар билдирилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о важности совершенствования методов управления библиотечно-информационной сферой. Высказаны мнения о практическом применении современных инновационных методов в управлении библиотечно-информационной сферой сегодня, изучении опыта эффективно работающих библиотечно-информационных учреждений.

**SUMMARY.** The article talks about the importance of improving the management methods of the library-information sector. Opinions were expressed on the practical application of modern innovative methods in the management of the library and information sector today, and the study of the experiences of the library and information institutions that are conducting effective activities.

## РЕҢЛЕР - СӨЗСИЗ СӨЙЛЕЙДИ

**А.Мәмбетназарова** - *илимий хызметкер*

*Қарақалпақстан мәмлекетлик И.В.Савицкий атындағы көркем өнер музейи*

**Таянч сўзлар:** живопись, картина, композицион ечим, пейзаж, колорит, иссиқ-совуқ ранглар.

**Ключевые слова:** живопись, картина, композиционное решение, пейзаж, колорит, теплые-холодные тона.

**Key words:** painting, picture, composite solution, landscape, color, warm-cold colors.

Адамзат жаратылысы, турмыс тәризи оның гөззаллыққа қуштарлығы менен ажыралып турады. Инсанның мийнет искерлиги, қызығыўшылығы ҳәм исенимлери нәтийжесинде көркем өнердиң ҳәр қыйлы тараўлары жүзеге келген. Атап айтқанда, мүсиншилик, архитектура, музыка, гүлалшылық, сүўретшилик сыяқлы ҳәр түрли көркем өнер тараўлары бар. Олардың арасында сүўретшилик (живопись) өзиниң гөззаллығы, инсанды бир көргеннен өзине тартыўы менен ажыралып турады. Бул әлемдеги гөззаллықтың көринисин өз картиналарында сәўлелендире алыў ҳәммениң де қолынан келе бермейди. Көркем өнер түрлери менен шуғылланыўшы талант ийелери халқымыз арасында көп ушырасады. Олардың арасында белгили художник (живопись) Базарбай аға Серекеев те бар. Ол қарақалпақ сүўретлеў өнериниң ең көрнекли ўәкиллериниң бири. Художник 1942-жылы Кегейли районында туўылған. 1969-жылдан баслап дөретиўшилик пенен шуғыллана баслаған. Ал, 1977-жылдан баслап Өзбекстан художниклери көркем дөретиўшилик бирлеспеси ағзасы ретинде көплеген көргизбелерде белсене қатнасады. Оның дөретпелери адамға эстетикалық заўық бағышлайтуғын әжайып дөретиўшилик дүрданалары сыпатында көзге түседи. Ол тек ғана көриў мүмкин болған нәрселерди ғана сүўретлеп қоймастан, ҳәдийселердиң ўақтыншалық раўажланыўын ҳәм динамикалық ҳәрекетлерди де сәўлелендиреди. Оның бир қатар дөретпелери Республикамыз аймақларында сондай-ақ, Россия, Башқуртыстан, Дағыстан, Татарстан ҳәм Қазақстан мәмлекетлеринде көргизбелерге қойылды. Художниктиң ең жақсы ҳәм көрнекли картиналары Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты музейи, Қарақалпақстан мәмлекетлик И.В.Савицкий атындағы көркем өнер музейи, Өзбекстан көркем өнер академиясы Қарақалпақстан бөлими фондларында сақланбақта. Сондай-ақ, республикамызда жайласқан көплеген жумыс орынлары иморатларының интериерин безеп тур. Қарақалпақ халқының миллийлигин ҳәм миллий этникалық өзгешеликлерин өз дөретпелеринде сәўлелендире алған қәлемкеш бир қанша жыллар даўамында бир неше мәрте Республикамыз бойлап жеке көргизбелерин шөлкемлестирди. Әлбетте, усы орында художниктиң бул жетискенликлериниң сыры, оның дөретиўшилигиниң басқа живопис ўәкиллеринен ажыралып турыўшы тәреплери неде екенлиги ҳаққында сораўлар туўылары сөзсиз. Художник басқа кәсиплеслеринен өзиниң реңлерди көре алыў, өз дөретпелеринде сәйкес реңлерди туўры таңлаў сыяқлы илаҳый пазыйлетлери менен ажыралып турады. Ол қарақалпақ халқының

үрп-әдетлерин, миллийлигин, әпиўайы халықтың турмыс тәризин дәсткекли сүўретлеў өнерине биринши сәўлелендирген художник. Сонлықтан да, оның дөретиўшилигин изертлеў, ол жаратқан картиналар менен танысыў ҳәм бул дөретпелерде не сүўретленгенлигин аңлаў ҳәзирги көркем өнер ўәкиллери ушын да, әпиўайы халық ушын да бирдей әҳмийетли мәселерден болып есапланады. Художниктиң қайсы жанрдағы шығармасы болса да түсиниўге, аңлаўға қолайлы. Оның «Илхам қанатында», «Сәскелик жарма», «Ушыға ҳәм Қызларгүл», «Ерназар Алакөз», «Қарақалпақ қызлары», «Арал балықшылары» сыяқлы картиналарында қарақалпақ халқының миллий колорити анық сезилип турады. Сондай-ақ, «Әмиўдәрья», «Арал теңизи», «Бәҳәр», «Таўлы пейзаж», «Аўылда жаз» сыяқлы пейзажлық дөретпелери елимиздиң тәбиятын айқын сәўлелендирген.

Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, қарақалпақ халқының кеўил төринен орын алған белгили шайыр И.Юсупов: «Шайырлар аўылда туўылып, қалада өледи» - деген еди. Бунда тек ғана шайырлар өмири яки тек ғана дүньяға келиў ҳәм кетиў мазмуны емес көркем өнер ўәкиллериниң, таныклы инсанлардың өмириндеги қыйыншылықлы жағдайлар бул тәшўиишлерге мойын ийип жеңилместен ҳәрекеттен тоқтамаған талант ийелериниң келешекте әжайып нәтийжелерге ерисиўи ҳаққында гәп болғандай түйиледи. Усындай инсанлардың бири художник Б.Серекеев болып, оның жаслық жыллары аўыр аўҳалда өткен. Оның ижарада жасап, үй ийесиниң бояў ийислерин унатпағанлықтан, қыстың қақаман суўығында көшеде сүўретлер сызғанлығы ҳәм усындай мийнетли, қыйыншылықлы күнлерден соң жақты, нурлы күнлердиң келгенлиги ҳәм өмирде «айдың он беси қараңғы, он беси жақты» делингениндей, қыйын күнлердиң кейнинен әжайып күнлердиң келетуғынлығына исенимимиз артады.

Оның шексиз дөретиўшилик ғәзийнесиниң арасында «Туңғыш адым» атамасындағы картинасы адамды ерксиз өзине тартады. Өйткени, бул картинада «инсан» деген уллы жаратылыстың пүткил өмир жолы өз сәўлелениўин тапқандай көринеди. 1983-жылы «Дружба народа» журналында бул картинасы реңли түрде журнал оқыўшылары нәзерине усынылады ҳәм бул картина дөретиўшиликке қызығыўшылығы бәлент көп санлы ықласбентлерине ийе болды. Картинада енди адым атыўды үйренип атырған нәресте ҳәм оның жанында қолынан тутып турған анасы ҳәм басқа да ҳаяллар сәўлелендирилген. Бул картина арқалы инсанның өмирде аяққа турыўында ата-ананың роли айрықша екенлигин, перзенттиң арқасында қорған болып туратуғын ата-ананың барлығы, бир инсанға керекли екенлигин сезиниў инсан ушын оғада әҳмийетли екенлиги көринеди. Бул автордың өзиниң ата-анасына, олардың мийримине болған сағынышты аңлатса да тәжип емес. Өйткени, ол «Өмир гүзи – алтын пасыл» атлы көргизбеде берген интервюсында «Дөретиўшилик пенен шуғылланыўға улыўма шараят болмаған ўақытларда да сүўрет салғанбыз. Мен сол гезде *әкем яки анам болғанда* олардың үйи, ең болмағанда бир бөлмеси болса екен деп әрман етер едим» - деген еди.

Художниктиң картиналарындағы тийкарғы өзгешеликлердиң бири оның жарқын реңлердеги мазоклардан шебер пайдаланыўында.

Бул постимпрессионистлерди еслетсе де, өзиниң жумсақ гармониясына ийе. Художник ыссы, суўық реңлерди ойнатыў арқалы бир пүтин колорит қәлиплестиреди. Композициялық шешимлерине келетуғын болсақ, художник форма ҳәм детальларды жайластырыўда тон ҳәм реңлердиң көлеми арқалы холст ишинде ҳәрекетти пайда етеди.

Композицияны ҳәрекетлендириў усылы поэзиядағыдай рифмлерди еслетеди ҳәм олардың қайталаныў я қайталанбаўы тийкарында жүзеге шығады. Нәтийжеде, шабандоз жигит пенен биргеликте пүтин бир халықтың көриниси сәўлелендирип берилген.

Сондай-ақ, художниктиң «Тойға таярлық» картинасы сая ҳәм жақтылық арқалы екиге ажыратылған. Саяда жайласқан фигуралар ярым домалақ формасында жайластырылып, композицияның орайын ҳәм теманы ашып бериўши тийкар есапланады.

Картинада ыссы реңлер басымлығы себепли қызғыш колоритке ийе, сондай-ақ, ақ ҳәм суўық реңлер алдынғы ҳәм артқы планларда қайталаныўы менен бир-бирин қоллайды, бирақ, улыўмалық қызғыш колоритке кесент етпейди.

Картинада қарақалпақ халқының ҳақыйқый миллийлигин, этникалық өзгешелигин көриўге болады. Киши детальларға шекем қарақалпақ тойларының көринисин аңлатып турғандай көринеди. Қамыр ийлеп

атырған, баўырсақ писириўге таярлық көрип атырған ҳаяллар менен қоса баласын емизип отырған ҳаял ҳәм пүткил аўыл, қәуимниң тойға таярланыў процесин сәўлелендирип берген. Картинаны көрген инсан қарақалпақлардың миллийлиги менен жақыннан таныс болмаса да, дәрҳал картинадағы көринислерден түркий халықлардың бири екенлигин аңлайды ҳәм тереңирек нәзер аўдарса, қара үйлерге көзи түскеннен инсанның қыялы қарақалпақларды елеслетеди деп ойлаймыз. Сонлықтан да, художник киши детальларды да мазмунды аңлатыўда шебер пайдалана алған.

Ол дөретиўшилигиниң соңғы жылларында түрли ағым бағдарларда дөретиўшилик етип, жаңа аппликация техникасын бирлестириўге ҳәрекет етеди. Бул процесте түрли реңли сабақлардан пайдаланады. Бундай картиналарға «Саҳра қосығы», «Жас шаңарақ», «Алма терими» сыяқлы картиналарды атап өтиўге болады.

Көркем өнер тараўларының қайсы бирин алып қарасақ та, инсанға руўхый заўық бағышлайды. Әсиресе, сүўретлеў өнери әлемниң гөззаллығын бояўлар ҳәм қылқәлем арқалы сәўлелендире алыўы нәтийжесинде ажыралып турады. Дөретиўшилер сөзсиз, реңлерден пайдаланыў арқалы аңлатпақшы болған ой-қыялларын сүўретлеп береди.

Бизиң қарақалпақ елинде де сүўретшилик өнерин пүткил денеси менен сезиниўши, барлық ой-қыялларында елимизди, халқымызды, ана тәбиятымызды сәўлелендириўге ҳәрекет еткен ҳәм буннан ләззетленсе де ҳеш қашан шаршамаған талант ийесиниң бар екенлиги ҳәм оның қарақалпақ мәдениятын, турмыс тәризин, этникалық өзгешеликлерин өз дөретпелеринде кеңнен сәўлелендирип туўысқан ҳәм шет ел халықларына таныта алғанлығы менен мақтаныш етсек арзыйды.

**Әдебиятлар**


1. Арзыев Р. Различные культуры – единый мир. Новости культуры, 2013.
2. Бердимуратов Қ. Картиналар сөйлейди (очерк) Әмиўдәрья журналы, 1986, №1.
3. Утегенова У. Халық художниги. Сәният, 2015, №3-4.
4. Турдымуратова Г. Многоцветье палитры. Советская каракалпакия, 1992.
5. Турдымуратова Г. Кистью художника. Советская каракалпакия, 1984. №233.
6. Хожамуратова П. Өмир гүзи – алтын пасыл. Еркин Қарақалпақстан, 2015, №52.



**РЕЗЮМЕ.** Бу мақолада қорақалпоқ художникларидан бири Б.Серекеев ва унинг ижоди таҳлил қилинган. Ижодкорнинг бошқа касбдошларидан фарқи ва йутуқлари ўрганилди ва унинг «Дастлабки қадам», «Йош чавандоз», «Тўйга таййоргарлик» номли асарлари анализга тортилди.

**РЕЗЮМЕ.** Б.Серекеев -один из каракалпакских художников в этой статье и анализируется его работа. Изучены отличия и достижения художника от других коллег и проанализированы его произведения «Первый шаг», «Юный наездник», «Подготовка к свадьбе».

**SUMMARY.** B.Serekeev is one of the Karakalpak artists in this article and his work is analyzed. Differences and achievements of the artist from other colleagues were studied and his works "First Step", "Young Rider", "Wedding Preparation" were analyzed.


## MÁDENIYAT TARAWÍNDA INNOVACIYALÍQ RAWAJLANÍW


**G.A.Saparbaeva** – *docent,*

**J.G.Reymov** *–magistr*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so‘zlar:** madaniyat, ma’naviyat, bo‘sh vaqt, xalq ijodiyoti, tanlov, madaniyat markazi, havoskorlik.

**Ключевые слова:** культура, духовность, свободное время, народное искусство, конкурс, культурный центр, самодеятельность.

**Key words:** culture, spirituality, free time, folk art, competition, cultural center, amateur performances.


Mámleketimizde mádeniyat hám kórkem óner tarawın jáne de rawajlandırıw, bul tarawdaǵı strategiyalıq máselelerdi sheshiw, ásirese basqarıw sistemasın durıs jolǵa qoyıw